

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Météode jeung Téhnik Panalungtikan**

##### **3.1.1 Météode Panalungtikan**

Météode mangrupa salah sahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Cara anu digunakeun dumasar kana tinimbangan anu nalungtik sabada nyawang tujuan objék anu rék ditalungtik. Pikeun ngahontal udagan, dina ieu panalungtikan rék digunakeun téhnik panalungtikan déskriptif

Surakmad dina halimah (2001: 23) nétélakeun yén anu dimaksud métode déskriptif nya éta métode anu bisa ngungkulon pasualan-pasualan anu aktual ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan, ngaanalisis data, sarta ngadéskripsikeun data. Ieu métode digunakeun pikeun ngelompokeun ngaran tempat atawa kampung dumasar aspék hidrologis, morfogéologis, biologis, jeung sosial.

##### **3.1.2 Téhnik Panalungtikan**

Téhnik panalungtikan, nya éta salah sahiji usaha nu kudu dilakukeun kalawan ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan udagan nu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal (Nurani, 2003: 39)

Dumasar kana éta pamadegan, ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik studi pustaka, obsérvasi, wawancara, jeung dokuméntasi.

### 1) Téhnik Studi Pustaka

Téhnik panalungtikan studi pustaka, gunana pikeun néangan sarta neuleuman eusi buku-buku nu dipaké dasar tiori anu aya patalina jeung masalah nu rék ditalungtik.

### 2) Téhnik Obsérvasi

Pikeun ngumpulkeun data nu leuwih lengkep jeung informasi nu leuwih akurat, dina tahap awal panalungtik ngayakeun obsérvasi di lapangan. Obsérvasi nya éta panalungtikan ku cara nitenan langsung hiji objek anu bakal ditalungtik (Endraswara 2006: 133). Obsérvasi anu baris dlakukeun nya éta ngagunakeun wawancara

Informan anu diwawancara dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Tokoh masarakat, anu dianggap mikanyaho ngeunaan kasangtukang carita ngaran tempat atawa kampung, jeung
- 2) Aparat kalurahan nu aya di kasi pamaréntahan.

### 3) Téhnik dokuméntasi

Pikeun ngarojong informasi data, dipaké téhnik dokuméntasi. Anu didokuméntasikeun nya éta hal-hal atawa barang anu dianggap perlu pikeun ngarojong kana ieu panalungtikan.

Meleong (Nurani,2003: 39) nétélakeun yén dokuméntasi kaasup sumber data dina panalungtikan, sabab bisa dimangpaatkeun pikeun nyawang, nguji, sarta pikeun ngama'naan.

### **3.2 Instrumén Panalungtikan**

Sudjana dina Halimah (2001: 24) nétélakeun yén anu dimaksud instrumén panalungtikan nya éta “*lebih menekankan kepada alat atau cara untuk menjaring data yang diperlukan.*”

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta.

#### **1) Padoman Wawancara**

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngajaring informasi ngeunaan ngaran-ngaran kampung anu aya di wewengkon Kota Sukabumi

#### **2) Data jeung Sumber Data**

Anu dijadikeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngaran-ngaran kampung anu aya di Kota Sukabumi. Sedengkeun sumber datana nya éta.

- 1) Jalma anu dianggap tokoh atawa kokolot di éta masarakat, jeung
- 2) Aparat kalurahan nya éta kasi pamaréntahan.

Anu bakal dijadikeun sumber data atawa informan kalayan katangtuan.

- 1) Pituin masarakat satempat
- 2) Minimal 45 taun
- 3) Apal kana kasangtukang ngaran kampungna

### **3.3 Téhnik Ngolah jeung Nganalisis Data**

Téhnik ngolah jeung nganalisis data dina ieu panalungtikan téh, katitén saperti ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun informasi anu geus dipibeunang ngaliwatan studi pustaka, wawancara, obsérvasi, jeung dokuméntasi.

- 2) Ngelompokeun ngaran kampung dumasar kana opat aspek (hidrologis, Morfogeologis, biologis, jeung sosial). Aspek mana anu panglobana ngakasangtukangan ngaran kampung.
- 3) Ngadéskripsiun unggal ngaran kampung patali jeung bukti sajarah nu milu ngarojong kana éta ngaran kampung.

### **3.4 Léngkah-léngkah Panalungtikan**

Aya opat léngkah anu dijadikeun rarancang dina ieu panalungtikan, nya éta;

- 1) tahap tatahar, 2) tahap ngumpulkeun data, 3) tahap ngolah data 4) tahap nyusun laporan panalungtikan.

#### **3.4.1 Léngkah Tatahar**

Léngkah munggaran dina ieu panalungtikan.

- 1) Nyodorkeun judul panalungtikan.
- 2) Nyusun rancangan panalungtikan.
- 3) Ngayakeun survéi awal.
- 4) Nguruskun surat ijin panalungtikan.
- 5) Ngayakeun konsultasi jeung pangaping.

#### **3.4.2 Léngkah Ngumpulkeun Data**

- 1) Niténan sarta ngumpulkeun data ti lapangan
- 2) Ngalukeun wawancara
- 3) Ngadokuméntasikeun sarta ngainvértaisir data nu ka cangking.

### **3.4.3 Léngkah Ngolah Data**

Data nu geus dikumpulkeun diolah dumasar kana téhnik ngolah data nya éta.

- 1) Mariksa data nu geus dikumpulkeun.
- 2) Nganálisis jeung ngadéskripsikeun data.
- 3) Ngelompokeun ngaran kampung dumasar aspék hidrologis, morfogéologis, biologis jeung sosial, sarta ngaran kampung kabaheulaan jeung kaayeunaan satuluyna ngadéskripsikeun unggal ngaran kampung.
- 4) Nyieun kacindekan tina data anu geus kapaluruh.

### **3.4.4 Léngkah Nyusun Laporan**

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtian nya éta ngalaporceun data hasil panalungtikan dina wangu skripsi.

Sistematika nyusun ieu skripsi diébréhkeun saperti ieu di handap:

- 1) BAB I BUBUKA
- 2) BAB II TATAPAKAN TIORI
- 3) BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN
- 4) BAB IV ANALISIS HASIL PANALUNGTIKAN
- 5) BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN